# Ягъэпсын Мыекъуапэ щырагъэжьагъ

Урысые Федерацием культурэмкIэ и Министерствэ 2019-рэ илъэсымкIэ муниципальнэ модельнэ тхылъеджапIэхэм яззэхэщэн пэIухьащт мылъку ятыгъэнымкIэ зэнэкъокъум зэфэхьысыжьхэр щыфашIыгъэх.

Къалэу Мыекъуапэ итхылъеджэпIэ-къутамэу ЦБС N 1-р проектхэм язэнэкъокъу щатекIуагъ ыкIи федеральнэ грантэу сомэ миллиони 5 хъурэр къыратыгъ.

«Непэрэ мафэм Iэмэ-псымэхэу ыкIи псэуалъэхэу муниципальнэ тхылъеджапIэхэм яIэхэм къачIахьэхэрэм яшIоигъоныгъэхэр зэшIуаххэрэп. Материальнэ-техническэ лъэпсакIэ афэшIыгъэмэ агъэцэкIэхэрэ фэIофашIэхэр нахь къыгъэдэгъуштых ыкIи къэлъэгъощтых. ТхылъеджапIэр джащыгъум хэпшIыкIэу культурнэ гъэсэпIэ гупчэ ыкIи джырэ уахътэм диштэрэ къэбар-лъэгъупIэ шъолъыр хъущт цIыфхэмкIэ», — къыIотагъ Мыекъуапэ и ЦБС-у N 1-м ифилиал ипащэу Елена Овсянниковам.

ТхылъеджапIэм охътакIэм диштэрэ шъошэ-теплъэ иIэ зыхъукIэ, тхылъеджэхэр ашIоигъоу къэкIонхэмкIэ, зэрэфаехэу Iоф ашIэнымкIэ ишIуагъэ къэкIощт, джащ фэдэу сэкъатныгъэ зиIэхэм Iоф адэшIэгъэнымкIи ар мэхьанэ зиI. ТехникакIэм тхылъеджапIэм иIофшIэн нахь шъхьафит къешIы: Интернетым хэхьан ылъэкIыщт, информациемкIэ системэу «Лъэпкъ электроннэ тхылъеджапIэр» зыфиIорэм имылъку, иIэ фондым нахь алъыIэсын амал иIэщт. ТхылъеджапIэм иIофышIэхэми сэнэхьатымкIэ егъэджэн курсхэр афызэхэщэгъэнхэр, кIэу къыхэхьэгъэ пстэумкIэ ухьазырыныгъэ ыкIи яшIэныгъэхэм ахэгъэхъогъэныр къыдалъытагъ.

Мы проектым ипхырыщынкIэ мылъкур къэкIопIэ зэфэшъхьафхэм къарыкIэу — федеральнэ бюджетым, Адыгэ Республикэм ыкIи къалэу Мыекъуапэ ябюджет къикIэу сомэ миллиони 6-м нахьыбэ къафатIупщыгъ. «Iофыр егъэжьагъэ хъугъэ: IофшIэкIо купыр зэхащагъ, ащ модельнэ тхылъеджапIэм игъэпсын ынаIэ тетыщт ыкIи иIофшIэн ыгъэзекIощт. Дизайн-проектыр гъэцэкIэжьыныш хохэмкIэ ыкIи нахь къызэрыкIомкIэ зэхагъэуцуагъ; ахэм апэIухьащт мылъкум исметэ щыI. Мыхэм анэмыкIэу Iэмэ-псымэхэр, псэуалъэхэр, тхылъхэр къэщэфыгъэнхэмкIэ аукцион документациер щэфэн IофхэмкIэ къалэм и ГъэIорышIапIэ арагъэхьыгъ», — хигъэунэфыкIыгъ къалэу Мыекъуапэ культурэмкIэ и ГъэIорышIапIэ ипащэу Цэй Розэ.

Библиотекэхэм язэхъокIынгъэкIэжьынкIэ Iофыр жъотэу зэрэкIорэм емылъытыгъэу, ахэм яIофышIэхэм ятхылъеджэхэр ащыгъупшэхэрэп, япшъэрылъхэр зэшIуахых, зыфаехэмкIэ сыдигъуи IэпыIэгъу афэхъух.

**(Тикорр.).**